



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 30 oktòb 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO, MAJISTRA DE BLASIO ANONSE ETA NEW YORK, VIL NEW YORK AP KREYE
PWOGRAM POU ANKOURAJE TRAVAYÈ SWEN SANTE YO VWAYAJE NAN LWÈS AFRIK POU TRETE
PASYAN KI GEN EBOLA YO**

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Majistra Bill de Blasio te anonse jodia ke Eta New York ak Vil New York pral kreye yon pworam rekonpans finansye ak lòt pwoteksyon travay pou ankouraje pwofesyonèl swen sante yo vwayaje nan Lwès Afrik epi bay asistans pou trete pasyan ki gen Ebola yo pou ede kontwole maladi sa a.

“Nou kwè sante piblik nan lwès afrik ak sante piblik nan New York konekte ansanm e nou dwe abòde toulède,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Pwofondè defi nap eksperimente a nan kontwole Ebola egzije ke nou satisfè tès sa nan yon fason ki konpreyansif sou plizyè nivo, e yon pati nan sa se pou ankouraje ak bay pèsònèl medikal la repons pou yo ale nan lwès Afrik.”

“Doktè kouraje ak dezenterese yo, enfimye ak travayè swen sante yo ki volontè pou vwayaje nan zòn cho nan lwès afrik pou konbat Ebola yo se ewo, tou senpleman, e nou bezwen travay san relach yo, kouraj ak sakrifiks pou pwoteje nou tout nan mond lan kont viris mòtèl sa a,” te deklare Majistra de Blasio. “ Nou dwe fè plis bagay egalman pou ankouraje plis pwofesyonèl swen sante rantrè nan konba esansyèl sa a, e patenarya ki te devwale jodia pral yon enstriman nan ogmante ranje doktè a enfimye vanyan sa yo.”

Inisyativ sa ta yon modèl sou dwa ak avantaj yo akòde a rezèvis militè yo. An patikilye, Eta New York ak Vil New York pral travay pou asire ke travayè swen sante yo kap vwayaje de fason dezenterese nan lwès afrik pou trete pasyan Ebola yo ta resevwa peman yo, swen sante ak stati travay yo kontinye transparan lè yo retounen. Eta ta bay egalman ranbousman nesèsè – a travayè swen sante yo ansanm avèk anplwayè yo – pou nenpòt karantèn ki nesèsè lè yo retounen pou ede pwoteje sante piblik ak sekirite nan New York.

Eta New York ap kowòdone inisyativ sa a avèk Vil New York ak lòt gouvènman lokal yo; patnè eta, enkil Eta New Jersey; ak Asosyasyon Lopital Greater New York, 1199SEIU, Asosyasyon Enfimye Eta New York, Sosyete Medikal Eta New York, ak lòt patisipan yo. Yo pral anonse detay adisyonèl sou pwogram lan nan yon tan ki pa twò lwen.

“Travay pou kontwole ak konbat Ebola – alafwa nan eta ak nan lwès Afrik– esansyèl pou sante piblik Nouyòkè yo,” te deklare Komisyonè Sante pa Entèrim Dr. Howard Zucker. “Pwogram rekonpans finansye sa a ak pwoteksyon anplwaye a pral ede bay sipò anplis a travayè swen sante brav nou yo, ki sou teren an aletranje kap travay san relach pou konbat maladi sa a.”

“Doktè yo ki de fason dezenterese vwayaje nan lwès Afrik pou trete pasyan Ebola yo ap pèfòme yon sèvis pou nou tout nan takle epidemi sa nan sous li,” te deklare Komisyonè Sante Vil New York Dr. Mary Bassett. “Nou ta dwe fè tout sa nou kapab pou onore ewo sa yo. Ede travayè swen sante yo retounen soti nan lwès Afrik pou retounen an tout transparans nan lavi yo se yon dwa ki byen merite.”

“Mwen gen konfyans ke lopital New York yo pral jwe patisyon yo avèk fyète pou ede konbat Ebola nan sous li nan kouvri salè doktè ak enfimye ki retounen yo pandan yon 21 jou karantèn si yon karantèn ta nesese,” te deklare Prezidan Asosyasyon Lopital Greater New York Kenneth E. Raske. “Se tou senpleman bon dezizyon ki pran pou ewo sa yo, e mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan ankouraje volontè nou yo ki nan premye ran kap bay swen nan lwès Afrik.”

George Gresham, Prezidan 1199SEIU United Healthcare Workers East, te deklare: “Nou dwe sipòte travayè swen sante brav nou yo ki nan premye ran nan eta ak nan lwès Afrik, ap pran swen moun yo Ebola afekte. Inisyativ sa a pral ede asire ke travayè swen sante yo kap vwayaje nan lwès Afrik resevwa sipò yo merite pou aksyon ewoyis yo. Mwen aplodi Gouvènè a pou lidèchip li nan ede moun yo kap pran swen pasyan sa yo kòm nou tout ap travay ansanm pou konbat pwopagasyon Ebola nan eta ak aletranje.”

Jill Furillo, RN, Direktè Egzekitif Asosyasyon Enfimye Eta New York, te deklare: “Rekonpans sa yo ke Eta bay pral pote sipò anplis pou enfimye yo ki aji de fason dezenterese pou trete pasyan Ebola yo nan lwès Afrik. Panse nou rejwenn plizyè viktim Ebola ansanm avèk fanmi yo, e avèk moun yo kap bay swen pou konbat epidemi sa a. Nou sipòte efò Gouvènè a pou pwoteje salè, benefis, ak stati travay enfimye yo ansanm avèk lòt travayè swen sante ki vwayaje nan lwès afrik pou al pran swen moun yo ki nan bezwen.”

Andrew Kleinman, Doktè Medikal, Prezidan, Sosyete Medikal Eta New York, te deklare: “Doktè yo nan New York ak toupatou nan mond lan ewoyikman volontè pou trete pasyan Ebola yo nan lwès Afrik, e pwogram sa a pral plis ede sipòte efò sa yo. Nou remèsye Gouvènè a pou lidèchip li nan fè nouvo inisyativ sa ale delavan ak pou travay kontinyèl eta nan konbat kriz Ebola.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride

Haitian Creole